

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun métode déskriptif analisis pamarekan kualitatif. Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 9) panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu dumasar kana falsafah *postpositivisme*, dipaké pikeun nalungtik kondisi objék anu alamiah, di mana nu nalungtik jadi konci tina instrumén panalungtikanana, téhnik ngumpulkeun data dilakukeun sacara triangulasi (*gabungan*), analisis data miboga sipat induktif/kualitatif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih condong kana ma'na tibatan *generalisasi*.

Métode déskriptif analisis dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta nu satuluyna dianalisis (Ratna, 2012, kc.53). Métode déskriptif analisis ngarojong kana udagan ieu panalungtikan nu ngadéskripsikeun tur maluruh aspék kapribadian tokoh utama dina kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini.

3.1 Desain Panlungtikan

Désain dina ieu panalungtikan mangrupa rarancang panalungtik nu ngawengku idéntifikasi masalah, nangtukeun masalah, tujuan panalungtikan, ngumpulkeun data (tala'ah pustaka), ngolah data, instrumén data, kacindekan, jeung nyusun laporan.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, ngagunakeun téhnik tala'ah pustaka. Tala'ah pustaka dilakukeun pikeun meunangkeun sababaraha informasi nu dibutuhkeun dina raraga ngahontal udagan ieu panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan, panalungtik nala'ah kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* kalayan gembleng tur objéktif. Dina raraga ngarojong data dina ieu panalungtikan, kagiatan nala'ah buku-buku sarta literatur lianna nu patali jeung ieu panalungtikan dilaksanakeun ku cara maluruh struktur ieu carpon, tegesna tiori struktural Todorov, nu ngawengku aspék sintaksis jeung aspék semantik. Kitu deui,

dina ngumpulkeun data kapribadian tokoh utama ngagunakeun tiori psikoanalisis Jacques Lacan, nu ngawengku aspék *yang nyata, yang imajiner, jeung yang simbolik*.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik analisis, minangka cara anu digunakeun pikeun nyangking jawaban tina pasualan. Dina téhnik analisis, dilakukeun sababaraha tahapan, di antarana:

- 1) téhnik analisis struktural tiori Todorov;
- 2) téhnik analisis kapribadian tokoh utama psikoanalisis Jacques Lacan; sarta
- 3) téhnik analisis faktor-faktor nu mangaruhan kapribadian tokoh utama.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tabél cutatan jeung kartu data analisis, nu gunana pikeun ngumpulkeun jeung nganalisis data nu geus aya. Éta tabél cutatan jeung kartu data analisis téh dipaké sangkan panalungtik babari dina prosés ngumpulkeun jeung nganalisis data. Di handap ieu mangrupa gambaran kartu data nu digunakeun.

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén dina ngumpulkeun data, nyaéta buku-buku nu aya patalina jeung panalungtikan sarta cutatan-cutatan nu nyampak dina eusi carita.

Tabél 3.1
Instrumén Céklis Dokuméntasi Pustaka

No.	Téma Buku	Judul Buku	Digunakeun	Teu Digunakeun
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Kabudayaan			
2.	Sastra			
3.	Kabasaan			

Tabél 3.2
Struktur Aspék Sintaksis (Galur)

No.	Judul Carpon	Pengaluran	Kode Data (C/KU)
(1)	(2)	(3)	(4)

Keterangan:

- 1) C : Judul Carpon
- 2) KU : Kode Urut Data

Tabél 3.3
Struktur Aspék Semantik (Cutatan Téma)

No.	Judul Carpon	Téma Mayor/Minor	Cutatan	Kode Data (CJ/KU/KC)
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

Keterangan:

- 1) C : Judul Carpon
- 2) KU : Kode Urut Data
- 3) KC : Kaca

Tabél 3.4
Struktur Aspék Semantik (Cutatan Tokoh)

No	Judul Carpon	Tokoh	Kode Data (KU/KC/P)	Cutatan	Kapanggih dina kaca
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)

Keterangan:

- 1) KU : Kode Urut Data
- 2) KC : Kaca
- 3) P : Paragraf

Tabél 3.5
Struktur Aspék Semantik (Cutatan Latar)

No	Judul Carpon	Latar	Kode Data (L/KU)	Cutatan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

Keterangan:

- 1) LT/LW/LS : Latar Tempat/Latar Waktu/Latar Sosial
- 2) KU : Kode Urutan Data

Tabél 3.6
Data Cutatan Aspék Kapribadian Tokoh Utama

No	Judul Carpon	Aspek Kapribadian (Yang Nyata/Imajiner/S imbolik)	Cutatan	Kode Data (C/YI/KU/KC)
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

Keterangan:

- 1) C : Judul Carpon
- 2) YN/YI/YS : Yang Nyata, Yang Imajiner, Yang Simbolik
- 3) KU : Kode Urut Data
- 4) KC : Kaca

Tabél 3.7
Data Cutatan Faktor Kapribadian Tokoh Utama

No.	Judul Carpon	Tokoh	Struktur Carita	Cutatan	Kode Data CJ/F/FI/KU/KC/P
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
1.			Internal		
			1) Kaayaan Psikologis		
			2) Pasualan Hirup		
			3) Kaayaan Fisik		
			4) Jst.		
2.			Eksternal		
			1) Lingkungan		
			2) Ékonomi		
			3) Adat Kabiasaan		
			4) Jst.		

Katerangan:

- 1) C : Judul Carpon
- 2) F : Faktor Kapribadian
- 3) FI : Faktor Internal
- 4) FÉ : Faktor Éksternal
- 5) KU : Kode Urutan Data
- 6) KC : Kode Kaca
- 7) P : Kode Paragraf

3.3.2 Instrumén Ngolah Data

1) Kartu Analisis Struktur Carita Todorov

Kartu Analisis Aspék Sintaksis/Semantik	
Cutatan	: (kode data)
Analisis	:

Gambar 3.1 Kartu Analisis Struktur Todorov

Katerangan:

- (1) C : Judul Carpon
- (2) KU : Kode Urutan Data
- (3) KC : Kode Kaca

2) Kartu Analisis Aspék Kapribadian Tokoh Utama

Kartu Analisis Aspék Kapribadian (yang nyata/yang imajiner/yang simbolik)	
Cutatan	: _____ (kode data)
Analisis	: _____

Gambar 3.2 Kartu Analisis Aspék Kapribadian

Keterangan;

- (1) CJ : Judul Carpon
- (2) YN/YI/YS : Aspék Kapribadian Tokoh *Yang Nyata/Yang Imajiner/Yang Simbolik*
- (3) KU : Kode Urutan Data
- (4) KC : Kode Kaca

3) Kartu Analisis Faktor Kapribadian Tokoh Utama

Faktor Nu Mangaruhan Kapribadian Tokoh Utama	
Cutatan	: _____ (kode data)
Analisis	: _____

Gambar 3.3 Kartu Analisis Faktor Nu Mangaruhan

Keterangan:

- (1) C : Judul Carpon
- (2) FI : Faktor Internal
- (3) FÉ : Faktor Éksternal
- (4) KU : Kode Urutan Data
- (5) KC : Kode Kaca
- (6) P : Paragraf


3.4 Data jeung Sumber Data

Sumber data nu digunakeun ku panalungtik nyaéta kumpulan carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* karya Tini Kartini. Ieu kumpulan carpon mangrupa citakan kahiji nu medal taun 2003, ku pamedal PT Kiblat Buku Utama Bandung, kalayan kandel 147 kaca.

Gita Kurnia Dewi, 2019

ASPÉK KAPRIBADIAN TOKOH UTAMA DINA KUMPULAN CARPON JURIG PASÉA JEUNG NYI KARSIH KARYA TINI KARTINI (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA LACAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Gambar 3.4 Sampul Kumpulan Carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih*

Ieu buku kumpulan carpon téh, tadina mah misah-misah, jul-jolna gé béda wayah. Mimiti kumpulan carpon “Jurig” (1963), ditéma ku “Paséa” (1965), “Nyi Karsih” (1976) pangpandeurina. Ayeuna di hijikeun, ngariung disabukukeun: *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* (Hawé Setiawan dina Kartini, 2003, kc. 8). Tapi dina ieu panalungtikan mah, nu dipedar téh ngan dua kumpulan carpon “Jurig” jeung “Nyi Karsih”, kumpulan carpon *Paséa* teu dipedar dina ieu panalungtikan, sabab miboga kompléksitas caritana wungkul, sedengkeun kompléksitas tokohna kurang.

3.4.1 Biografi Singget Pangarang



(chyeretty.wordpress.com)

Gambar 3.5 Pangarang Tini Kartini

Tini Kartini téh dibabarkeunana di Perkebunan Bantarkalong, Tasikmalaya, 29 Oktober 1933. Bungsu ti dua sadulur, putrana R. Isis Koendrat jeung Hadidjah.

Gita Kurnia Dewi, 2019

ASPÉK KAPRIBADIAN TOKOH UTAMA DINA KUMPULAN CARPON JURIG PASÉA JEUNG NYI KARSIH
KARYA TINI KARTINI (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA LACAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ramana kungsi jadi pulisi di Singapura. Mun seug taya gorombolan, kalungguhan camat tangtu geus kacangking. Kapaksa ngalih ka Bandung, nyangking damel di Gupernuran bagéan Agraria.

Tini Kartini, mimiti nulis taun 1959, harita sok midangkeun sajak katut carita pondok dina koran *Sipatahoenan*. Sawatara karangannana dipidangkeun dina *Majalah Sunda* deuih anu medal dina dasawarsa 1960-an. Sajakna nu dijudulan “Ulangtaun” diasupkeun kana *Kandjutkundang* (1963). Sok nyundakeun carpon-carpon tina basa deungeun, di antarana baé nu kungsi disundakeunana téh karangan Akutagwa Ryunosuké, Mishima Yukio, Soséki Natsumé, Somersét Maugham, John Stéinbéck, jeung lian-lianna deui. Dina widang paélmuan, remen ngayakeun panalungtikan, boh sorangan boh babarengan jeung nu lain. Tina panalungtikanana geus ngahasilkeun upamana baé *Daéng Kanduruan Ardiwinata, Sastrawan Sunda* (1979), *Yuhana, Sastrawan Sunda* (1979), *Biografi dan Karya Pujangga Haji Hasan Mustapa* (1985), *Undak-usuk Basa Sunda*, jsb. Tapi kapunjulna nu utama mah lebah nulis carpon. Nu matak pantes basa taun 1982 ngadeg Patrem, anu ngabeungkeut kaom wanoja nu resep ngarang maké basa Sunda téa, Tini Kartini nu pangheulana jadi pupuhuna.

Taun 2003, Tini Kartini dilélér Hadiah Sastra Rancagé, dumasar kana jasa-jasanya enggoning makayakeun basa katut sastra Sunda. Tétéla katineungna kana basa katut sastra Sunda meunang pangbagéa ti balaréa (Hawé Setiawan dina Kartini, 2003, kc. 5-8).